

Yon Prensip Lidèchip Konfli



**“Pran devan, sele chwal ou pou batay,
men se Bondye ki bay laviktwa.” Pwovèb 21:31**

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Genyen demoun ki krè pa t a dwe gen konfli nan lavi, men dèyè tout grannèg oswa granfanm genyen yon listwa lagè. Eksperyans sa yo te anseye yo prensip ki bayo sajès. Yo aprann se Bondye ki bay laviktwa. Bondye te kreye nou swivan imaj li, ak pouwva pou nou kreye. Sa koumanse ak lide...yon lide va mennen yon lòt, epi yon lòt ankò, sa ki fè nou vin genyen plizyè opinion. Poutèt sa nou p a toujou dakò youn ak lòt, paske si nou devlope lide nou, li tounen opinyon pa nou. Donk nou pase yon bon pati nan lavi nou nan aji ak reyaji ak lòt (konfli), palakòz opinyon pèsònèl nou. Pandan nap jere konfli sa yo nou dwe vini pibon moun paske atravè yo, nou vin dekouvri feblès nou ak fòs nou. Li trèzenpòtan pou nou rekonèt se Bondye ki bay laviktwa paske se ak gado kreyatif rezonnman ak chwa Bondye bannou laviktwa. Atravè kado sa a nou devlope epi nou venk sityasyon (konfli) yo. Men kèk kesyon nou dwe poze tèt nou:

1. Eske laviktwa nan konfli an te fè nou vin pibon moun ousinon nou fache kont lavi?
2. Eske sa te fè nou rete enb epi rekònesan pou Bondye ousinon nou vin kritikè?
3. Eske sa te amelyore karaktè nou epi bannou yon leson ousinon sa te rann nou ògèye epi awogan?

Konfli se pa yon move bagay. Anfèt, nou pa t a kapab grandi oswa fè pwogrè san yo, paske okòmansman nou rejte twaka nouvo lide poutèt yo gen konfli ak ansyen abitud nou.

Chanjman pa toujou fasil. Kèk lannou

p ap janm chanje. Se pou sa nou dwe bay yon lide tan pou li vinn mi ousinon yon konfli gendwa tounen lagè epi separe nou de asosye ki enpòtan. Konfli se batay nou fè nan lespri nou, lagè se lè li tounen yon konba kòwakò. Men li O.K. pou nou prepare nou pou batay paske san preparasyon nou pa kapab genyen. Yon fwa te genyen yon papa ki te mennen pitit li nan yon match bòks. Pitit la te remake youn nan boksè yo ki te ajenou epi ki t ap lapriyè nan kwen pa li a. Pitit la mande papa a : « eske lapriyè va ede li ? » « Sèlman si li pare pou li batay » papa l te reponn li. Se menmjan nou dwe krè se Bondye ki bay laviktwa, men nou dwe prepare nou kòm si sa p at vre.

Nou dwe fè atansyon tou lè nou genyen, paske li fasil pou nou vin fyè epi vanta.(vantadò). E si nou fè sa, li va imilye nou. Rezon ki fè Bondye va imilye nou se pou li anseye nou yon bagay paske li konnen nou aprann plis lè nou pèdi pase lè nou genyen. Lè nou pèdi nou mande Bondye ansanm ak tèt nou poukisa nou pèdi.

Sa nou aprann de sa va lakòz kon-

preyansyon nou ogmante yon fason pou nou amelyore epi venk. Nou t a dwe toujou sonje laviktwa se pou Bondye, ousinon nou va genyen pou pase tès la ankò epi ankò. Bondye vle nou grandi epi konprann. Lè nou lan batay li fasil pou nou mande Bondye ede nou, epi nan moman sa a nou pare pou nou fè tout kalite dil ak pwomès. Nou pa t a dwe bliye yo lè nou gen laviktwa.

Donk, nou pa t a dwe janm pè konfli, paske nou konnen genyen yon leson pou aprann ki va ede nou nan lavi epi fè nou krè nan Bondye. Ap toujou genyen konfli men nou dwe fè Bondye konfyans pou solisyon yo. Sa va bati bonjan karaktè diven lan noumenm—alòs nou va gendwa rakonte pwòp listwa lagè pa nou!

Prensip sa fè pati pwogram yon lane devlopman karaktè:

Fondasyon Pou Sikse.

Panse pou medite:

Konfli tèlman enpòtan pou mwen, si pa t genyen mwen t a kreye youn.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete